

Utilities Flyer

KISA KI DEZYÈM AMANNMAN KONTE BROWARD LA?

Dezyèm Amannman Konte Broward la se yon amannman nan chat Konte a ki ap bay Konte a pouvwa pou ranplase zonaj minisipal ak otorite règlemantasyon pou pwojè yo sou pwopriyete Konte a ke fon sitaks transpò a finanse antyèman oswa pasyèlman, menm lè pwojè a ap fèt nan limit minisipal yo.

POUKISA AMANNMAN SA A ENPÒTAN?

Eta Florid bay gouvèman lokal la dwa pou gen pouvwa gouvènmantal, kòporatif ak pwopriyete pou pèmèt yo dirije gouvènmman minisipal la, reyalize fonksyon minisipal yo ak bay sèvis minisipal. Se moun yo ki te adopte lang Règ Lokal la epi ki bay tout minisipalite yo kapasite pou pwomilge òdonans, kòd, plan ak rezolisyon yo ki gen ladan zonaj.

Òdonans Konte Broward yo pa menm ak òdonans Lokalite Davie yo. Òdonans Lokalite a fèt espesyalman pou abòde nesite kominote nou an ak pwoteje dwa ou yo. Dezyèm Amannman Konte Broward la ap inyore otorite règ lokal minisipal prensipal la pou règlemante devlopman nan limit minisipal yo, ki gen ladan zonaj, pèmi, konstriksyon, operasyon ak administrasyon.

BALLOT LANGUAGE:

"Pou fasilite egzekisyon amelyorasyon sitaks la finanse pou sistèm transpò nan tout konte a, èske Chat Konte Broward la ta dwe amande pou pèmèt òdonans Konte a pou règlemante devlopman, ki gen ladan zonaj, pèmi, konstriksyon, operasyon administrasyon, pwojè amelyorasyon transpò yo ki (1) sou pwopriyete Konte a posede oswa Konte a lwe ak (2) finanse totalman oswa pasyèlman avèk pwodui sitaks nan transpò ke elektè yo nan Konte a te apwouve nan ane 2018, ap triyonfe sou òdonans minisipal konfliktyèl yo?"

KIJAN SA AFEKTE OU?

Si yo adopte li, Dezyèm Amannman an pral pèmèt Konte a pase sou òdonans lokal yo epi akselere devlopman pwojè transpò yo. Pwojè sa yo ka konstwi sou tè konte a posede oswa lwe nan kominote ou an kèlkeswa zonaj ki egziste a, oswa pwopriyete ke li limite.

Nan dat 3 novanm 2020, elektè yo pral gen pou deside si Konte Broward ka kontoune òdonans lokal yo pou konstwi nan kominote nou an san pèmisyon nou.